

EVERETT


FÈ W KONSOME MWENS ENÈJI


PANDAN L AP EDE KOMINOTE W





Èske ou ta renmen peye mwens sou bòdwo enèji w? Electrify Everett pral ede pwopriyetè kay yo, lokatè yo, moun ki lwe kay yo ak ti biznis yo pran yon seri mezi pou konsome mwens enèji pandan ane a grasa plizyè solisyon pou konsome mwens enèji. Kominote nou an ap travay nan tèt ansanm avèk yon esponsò Mass Save, sètadi National Grid, pou ede tout rezidan yo konsome mwens enèji. N ap travay ansanm pou kreye yon kominote ki pi dirab.

Kòmanse ak yon evalyasyon konsomasyon enèji nan kay ki pa p koute w anyen. Ou gendwa kalifye pou bagay sa yo:

- 

Rabè 75-100% pou ranplase sistèm izolasyon yo ak sistèm ki apwouve
Rabè 100% pou inite lokasyon ak fwaye ki gen revni ki pèmèt yo kalifye.
- 

Amelyorasyon ki pa koute anyen pou lè a pa antre soti nan kay la
- 

Rabè sou ekipman ak aparèy chofaj ak èkondisyone ki konsome mwens enèji
- 

Pwodui pou konsome mwens enèji ki pa koute anyen
Tèmsta pwogramab, ayeratè pou robinè ak tèt douch ki konsome mwens dlo, ak miltipriz avanse.



MANDE EVALYASYON ENÈJI NAN KAY OU A JODI A!

masssave.com/everett/ht
(617) 765-1414

KI ENSITASYON AK RABÈ MASS SAVE KI KA DISPONIB POU KAY OU?

Tablo revni** Valid soti 1ye novanm 2023 rive 31 oktòb 2024.

Si w rete nan yon kay pou yon sèl fanmi oswa nan yon bilding ki gen 2 a 4 inite, ou gendwa kalifye pou jwenn rabè ki anba yo pou ranplase sistèm ou yo ak sistèm ki konsome mwens enèji, selon revni fwaye w:

REVNI FWAYE A POU ANE A			
KANTITE MOUN KI NAN FWAYE A	PWOGRAM POU REVNI	ÒF REZIDANSYÈL AMELIORE	ÒF ESTANDA
1	Jiska \$45,392	\$45,393 - \$91,200	\$91,201 oswa plis
2	Jiska \$59,359	\$59,360 - \$104,200	\$104,201 oswa plis
3	Jiska \$73,326	\$73,327 - \$117,250	\$117,251 oswa plis
4	Jiska \$87,294	\$87,295 - \$130,250	\$130,251 oswa plis
5	Jiska \$101,261	\$101,262 - \$140,700	\$140,701 oswa plis

*Si 50% oswa plis nan inite yo nan yon bilding ki gen 1 a 4 inite se fwaye ki gen revni ki pèmèt yo kalifye, se tout bilding nan k ap konsidere tankou yon bilding ki gen revni ki pèmèt li kalifye.

**Èske tablo a pa mansyone kantite moun ki nan fwaye w? Ale sou: masssave.com/income

ÒF SELON REVNI A			
RANPLASMAN SISTÈM POU KONSOME MWENS ENÈJI	PWOGRAM POU REVNI	ÒF REZIDANSYÈL AMELIORE	ÒF ESTANDA
Enstalasyon sistèm pou anpeche lè a antre soti nan kay la	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen
Aparèy ki konsome mwens enèji ak dlo tankou tèmosta ak tèt douch ki konsome mwens	Sa pa koute anyen (sa gen ladan l anpoul LED)	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen
Ranplasman ki rekòmande pou izolasyon an	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen	Rabè 75-100%
Ponp chalè***	Sa pa koute anyen	Rabè jiska \$16,000	Rabè jiska \$10,000
Retrè baryè anvan enstalasyon sistèm izolasyon yo	Sa pa koute anyen	Jiska \$7,000 alavans	Jiska \$5,000 alavans pou inite ki lwe yo nan yon bilding ki gen 2 a 4 inite
Finansman pou ranplasman sistèm ki kalifye nan men yon etablisman ki bay prè ki patisipe	Pa aplikab	0% jiska \$50,000 si yon ponp chalè pral enstale. Sinon, jiska \$25,000.	0% jiska \$50,000 si yon ponp chalè pral enstale. Sinon, jiska \$25,000.

*** Rabè ki disponib pou ponp chalè yo ka depann de kalite ak dimansyon sistèm yo. Aparèy la dwe fè pati lis pwodui ki kalifye yo epi moun oswa konpayi ki pral enstale l la dwe fè pati rezo enstatatè ponp chalè Mass Save la. Pou ensitasyon ki disponib pou ponp chalè selon revni a, aparèy ki la deja a dwe fonksyone ak mazout, ak pwopàn oswa ak rezistans elektrik. Pou rabè ki disponib pou tout kay la, kay la dwe izole ase anvan enstalasyon an epi sistèm chofaj ki la deja a dwe dekonekte. Rabè pou ponp chalè siperyè Cape Light Compact yo diferan ak montan ki endike a. Ale sou masssave.com/heatpump pou jwenn plis detay.

Ka gen lòt kondisyon pou kalifye ki aplike epi tout òf yo kapab chanje.

www.masssave.com/everett/ht - Mande evalyasyon enèji nan kay ou a jodi a: (617) 765-1414

nationalgrid

